



Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy & Environmental Affairs

Department of Environmental Protection

100 Cambridge Street Suite 900 Boston, MA 02114 • 617-292-5500

Maura T. Healey
Governor

Kimberley Driscoll
Lieutenant Governor

Rebecca L. Tepper
Secretary

Bonnie Heiple
Commissioner

AVI ODYANS POU PIBLIK LA

Avi pou piblik sa a disponob nan plizyè lòt lang (Españòl -- Tiếng Việt -- Chinwa -- Kreyòl Ayisyen - Pòtigè -- Khmer) sou sit entènèt MassDEP la: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Se depatman pou pwoteksyon anviwonman Massachusetts la ki bay avi sa a, anba otorite l jan sa parèt nan M.G.L. c. 131, § 40, ap pwopoze yon modifikasyon nan règleman li yo nan 310 CMR 10.00, *Pwoteksyon Wetlands*, sou otorite li nan M.G.L. c. 21, §§ 26 - 53, ap pwopoze modifikasyon nan règleman li yo nan 314 CMR 9.00: *401 Sètifikasyon kalite dlo k ap kraze materyèl drenaj ak ranblè, drenaj ak eliminasyon materyèl drenaj yo nan gwo dlo Etazini yo nan Commonwealth la*. MassDEP ap pwopoze modifikasyon sa yo pou li ka atenn objektif prensipal ki gen rapò ak anviwonman epi kliman li yo, sa gen ladan mizajou ki gen rapò ak estimasyon presipitasyon ak jesyon dlo lapli yo, epitou nouvo dipozisyon pou kote ki ekspoze lè gen tanpèt bò lanmè yo (LSCSF).

Tèks regilasyon yo pwopoze ak dokiman ki gen referans yo disponib ak yon kopi avi odyans pou piblik sa a sou sit entènèt MassDEP nan adrès : <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

MassDEP ap fè twa (3) odyans piblik anliy jan sa parèt nan dispozisyon M.G.L. c. 30A nan dat ki vin apre yo pou w ka resevwa kòmantè sou chanjman yo pwopoze yo. Odyans yo ap dewoule anliy sou Zoom epi **enskri alavans**. aprè enskripsyon an, w ap resevwa yon imel konfimasyon ak enfòmasyon nesèsè pou konekte nan reyinyon an ak òdinatè w, tablet ou oubyen telefòn ou.

Mèkredi 31 Janvyè 2024 a 1:00 PM

Tanpri itilize lyen sa a pou enskri nan odyans lan alavans:

https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZMvcuirqDwwGdRitloQan70koiTgaA_Pt9

Mèkredi 31 Janvyè 2024 a 6:00 PM

Tanpri itilize lyen sa a pou enskri nan odyans lan alavans:

<https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZYkduuqpjovHdAzJ539pqn-lQalZ9izohxA>

Jedi 1yè Janvyè 2024 a 1:00 PM

Tanpri itilize lyen sa a pou enskri nan odyans lan alavans:

https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZwodOyhpzgsEtR570Cs_gN9GvnyvvNLsfpw

Enfòmasyon sa a disponib sou lòt fòmman. Tanpri kontakte Melixza Esenyie at 617-626-1282.
TTY# MassRelay Service 1-800-439-2370
Sit entènèt MassDEP: www.mass.gov/dep

Enprime sou papye Resikle

Ka gen temwayaj ki bay pandan odyans pou piblik la. N ap aksepte kòmantè ki ekri yo jiska **1ye Mas 2024** a 5:00 PM. Ministè a ankouraje pou fè sa anliy pa mwayen imel elektwonik nan dep.waterways@mass.gov epi sa dwe gen ladan l *Wetland 401 Resilience Comments* nan objektif la. Ou ka voye kòmantè yo sou paye nan lapòs bay Daniel Padien olye anliy: *Wetlands-401 Resilience Comments*, MassDEP – BWR, 100 Cambridge Street, Suite 900, Boston, MA 02114.

Pou amenajman espesyal pou odyans say o, tanpri rele biwo divèsite MassDEP nan 617-292-5751. TTY# Sèvis MassRelay 1-800-439-2370. Enfòmasyon sa a disponib sèlman lè w mande. MassDEP bay sèvis entèprèt/tradiksyon ak moun ki pa pale Anglè byen yo gratis. Si w bezwen yon entèprèt pou patisipe nan reyinyon sa a, ou ka jwenn sèvis tradiksyon nan lyen ki vinn apre a: <https://www.mass.gov/info-details/massdep-language-translation-assistance...>

Sou lòd Depatman Pwoteksyon anviwonman an
Bonnie Heiple, Komisyone